

**NeMutungamiri
Dieter F. Uchtdorf**
Mutevedzeri weChipiri
muHutungamiri Hwekutanga



Pedza neMwenje Wako Uchakabaka

MuGreece yakare, vamhanyi vaikwikwidzana mumujawo wekutambidza unonzi *lampadedromia*.¹ Mumujawo wacho, vamhanyi vaibata mwenje muruoko rwavo uye voupa kumumhanyi anotevera kusvikira nhengo yokupedzisira yetimu yadarika mutsetse wekuguma.

Mukombe wakanga usingapiwi kutimu yainyanya kugona kumhanya - waipuwa kutimu yaitanga kusvika kumutsetse wekuguma iine mwenje wayo uchakabaka.

Pane chidzidzo chakakosha zvikuru pano, icho chakadzidziswa navaporofita vakare nevanhasi: kunyangwe zvakakosha kutanga mujawo, zvakatonyanya kukosha kuti tipedze nemwenje yedu ichakabaka.

Soromoni Akatanga Akasimba

Mambo mukuru Soromoni muenzaniso wemumwe munhu akatanga akasimba. Paakanga ari mudiki, “akada Jehova, akafamba nemitemo yababa vake Davidi” (1 Madzimambo 3:3). Mwari vakafara naye uye vakati, “Kumbira chaunoda kuti ndikupe” (1 Madzimambo 3:5).

Pane kukumbira upfumi kana upenyu hurefu, Soromoni akakumbira “mwoyo unonzwisisa, kuti nditambe mhaka dzavanhu venyu, ndizive kutsaura pakati pezvakanaka nezvakaipa” (1 Madzimambo 3:9).

Izvi zvakafadza Ishe zvikuru zvokuti Vakaropafadza Soromoni kwete chete neungwaru asiwo neupfumi husingaverengeke uye neupenyu hurefu.

Kunyangwe zvazvo Soromoni pachokwadi akanga akachenjera zvikuru uye akaita zvinhu zvikuru zvakawanda, haana kupedza akasimba. Zvinosuwisa ndezvokuti, pashure muupenyu hwake, “Soromoni wakaita zvakaipa pamberi paJehova, haana-kutevera Jehova kwazvo” (1 Madzimambo 11:6).

Kupedza Mujawo Wedu Pachedu

Inguva dzakawanda zvakadii dzatakatanga chimwe chinhu uye tikasachipedza? Kudya zvakanaka uye zvine mwero? Zvirongwa zvekugwinyisa muviri? Zvitsidziro zvokuverenga magwaro matsvene zuva rega rega? Sarudzo dzokuva vadzidzi vaJesu Kristu varinani?

Inguva dzakawanda zvakadii patinoita zvitsidziro muna Ndira uye tozwiita neushingi ukuru kwemazuva mashoma, mavhiki mashoma, kana kunyangwe mwedzi mishoma chete kuzoona kuti panosvika Gumiguru, moto wechido chekushingirira pachitsidziro chedu waderera zvokuti wangova dota rakatonhora.

Rimwe zuva ndakaona mufananidzo waisekesa we imbwa yakanga yakarara parutivi pechidimbu chepepa rayakanga yabvarura bvarura. Pachipepa ichi pakanga pakanyorwa kuti, “Chitupa cheKudzidziswa kweImbwa Kuteerera” zvichitaridza kuti imbwa iyi yakanga yadzidziswa kuteerera kusvikira yapasa. (Izvi zvinoshamisira nokuti imbwa iyi yakataridza kuti haiteereri apo payakabvarura bvarura umboo hwacho hwekuti yakanga yapasa pakudzidza kuteerera).

Isu takafanana neimbwa iyi dzimwe nguva
Tine vavariro dzakanaka; tinotanga takasimba; tinoda kuva vakanyanya kunakana. Asi pokupedzisira tinosiya zvitsidziro zvedu zvakabvarurwa, zvaraswa, uye zvakanganikwa.

Zviri muhunu wevanhu kutatarika, kukoniwa, uye dzimwe nguva kuda kubuda mumujawo. Asi sevadzidzi vaJesu Kristu, takatsidzira kwete chete kutanga mujawo asiwo kuupedza - uye kuupedza nemwenje yedu ichiri kupfuta zvakajeka. Muponesi akavimbisa vadzidzi Vake kuti, “Uyo achashingirira kusvika kumagumo achaponeswa.” (Mateo 24:13).

Regai nditaure muchidimbu izvo zvakavimbiswa neMuponesi mumazuva edu: Kana tikachengeta mirairo Yake uye tikapedza nemwenje yedu ichakabaka, tichava noupenyu hwokusingaperi, chiri icho chipo chikuru kupfuura zvose zvipo zvaMwari (ona D&Z14:7; onawo 2 Nifai 31:20).

Chiedza Chisingambofi Chakadzima

Dzimwe nguva mushure mokusatarika, kukoniwa, kana kunyangwe kukundikana, tinowora mwoyo uye tobvuma kuti chiedza chedu chadzima uye kuti tatadza kupedza mujawo wedu. Asi ndinopupura kuti Chiedza chaKristu hachikwanisi kudzimwa. Chinojeka nemuhusiku hutema-tema uye chojeka zvakare mumwoyo yedu kana chete tikarerekera mwoyo yedu kwaAri (ona 1 Madzimambo 8:58).

Zvisinei nokuti tinoputsika zvakawanda kana kuti zvakakura zvakadii, Chiedza chaKristu chinoramba chichipfuta zvakajeka. Uye kunyange munguva dzokushushikana kukurusa kwedu, kana chete tikaedza nesimba redu rose kuMutevera, chiedza Chake chinozokunda kushushikana kwedu uye chopo mweya yedu simba rokuramba tichiMutevera.

Uyu mujawo wekuva vadzidzi hausi unoda kumhanyisisa kwenguva pfupi, asi unoda kuti tirambe tichimhanya takashinga uye tisinganeti kwenguva yakareba. Uye hazviiti mutsauko mukuru kuti tinomhanya nokukurumidza zvakadii. Chokwadi ndechekuti, nzira chete yatinokwanisa kukundikana nayo pamujawo uyu ndeyokupedzisira tarega kuramba takashinga kana kuti tanhera.

Kana chete tikaramba tichishingirira uye nokufamba takananga kuMuponesi wedu, tinokunda pamujawo nemwenje yedu ichiri kupfuta zvakajeka.

Nokuti mwenje hausi unoreva nezvedu kana zvatinoina. Unoreva nezve Muponesi wenyika.

Uye ichi ndicho Chiedza chisingambofi chakakwanisa kuderedzwa. Ndicho chiedza chinokunda rima, chinoporesa maronda emweya edu, uye chakasimba kunyangwe nepakati pekusuwa kwakadzama zvikuru uye nepakurwadziwa pamoyo kukurusa.

Chiedza chinopfuura kunzwisisa kose.

Ndinonamata kuti mumwe nemumwe wedu anozopedza rwendo rweupenyu hweudzidzi rwatakutanga. Uye nerubatsiro rweMuponesi neMununuri wedu, Jesu Kristu, tinozopedza nerufaro uye nemwenje yedu ichakabaka.

KWAKATORWA CHINYORWA

1. *Harpers Dictionary of Classical Antiquities* (1898), “Lampadedromia,” www.perseus.tufts.edu/hopper. Pausanias anotsangura mujawo wemwenje wakasiyana uyo vabati vemwenje, pamwe vainge vasarudzwa mumwechete kubva murudzi rwega rwega, vakanga vasingatambidzi mwenje yavo kune mumwe. Asi *mulampadedromia*, mukundi aiva uyo aitanga kusvika kumagumo emujawo nemwenje wake uchakabaka.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Funga kukurudzira avo vamunodzidzisa kuti vafungisise pamusoro pepavari “mumijawo” yeupenyu. Mwenje yavo iri kupfuta zvakajeka here? Unokwanisa kuverenga ndevo iyo inoti Chiedza chaKristu ndicho “chiedza chinokunda rima, chinoporesa maronda emweya edu, uye chakasimba kunyangwe nepakati pekusuwa kwakadzama zvikuru uye nepakurwadziwa moyo kukurusa.” Zvino funga kukurukura neavo vaunodzidzisa kuti Chiedza chaKristu chakashandura upenyu hwavo sei munguva yakapfuura uye kuti chinoshandura upenyu hwavo sei iyezvino.

VECHIDIKI

Isa Mafuta Mumwenje Wako: Chiedzwa cheMazuva Makumi Matatu

Kune vechidiki vari muChechi avo vane Upenyu kuhunzvakawanda zvekuita, zvirinyore kungoita zvinhu nokuda kwekuti zvakavatsika, kunyanya maererano nezvinhu zvemweya. Tinoverenga magwaro matsvene edu, nokunamata, nokushumira nenzira imwecheteyo zuva roga roga uye toshamisika kuti sei tisingaratidziki setirikufambira mberi panezvemweya.

Imwe yenzira dzakanakisisa yokuchengeta mwenje wako wezvemweya uchipfuta zvakajeka ndeyokuita chokwadi kuti unova nezviitiko zvemweya zvinoreva chinhu. Asi izvi zviri nyore kutaura pane kuita, saka herino zano rinokubatsira kuramba uchifambira mberi pamweya: Funga nezve chiiitwa chiri maererano nezve vhangeri icho chausati wamboita (kana chausinga-mbowanzoita) uye tsidzira kuchiita zuva rega rega kwemwedzi. Unokwanisa kutanga padiki nokuti unozwana kuti zviri nyore kuita shanduro diki dzinozokura kuva shanduko dzisingagumi. Kuita zvinhu zvemweya izvo zvatisina kujaira kuita kungangoda rutendo rwakawanda uye nokuedza kukuru kubva kwatiri, asi apo patinozviita, tinenge tichikoka Mweya Mutsvene kuti uve nesu, uye tinoratidza rutendo rukuru munaBaba Vokudenga uye chido chokuswedera pedyo Navo. Hano mazano mashoma ekukubatsira kuti utange:

- Ita chinagwa chokuita minamoto yako magwanani nemanheru. Edza kunamata uchidudzira.
- Kurumidza kumuka nemaminitsi gumi nemashanu kupinda nguva yaunowanzomuka uye woverenga magwaro matsvene ako usati waenda kuchikoro.
- Verenga nhaurwa dzemisangano mikuru yakapfuura.
- Isa ndima yechinyorwa chitsvene kubva muBhuku raMormoni paindaneti paunotaurirana nevamwe.
- Teerera kunziyo kana mumhanzi weChechi pane kuteerera kumumhanzi wako wemazuva ose.

VANA

Ita kuti Mwenje Wako Unyanye Kujeka

Nguva yakareba yakapfuura iyo muGreece, kwaiva nemujawo uyo vamhanyi waitakura mwenje yakabaka. Uyo aimhanya mujawo wose nemwenje uchakabaka ndiye aiva mukundi. Mutungamiri Uchtdorf vanoti upenyu hwakafanana nemujawo iwoyo. Mwenje watinotakura ndiwo Chiedza chaKristu. Apo patinoedza kuva saJesu Kristu, tinoita kuti mwenje yedu ipfute zvakananya kujeka.

Zvii zvinhu zvaungaita kuti uve saJesu uye uite kuti mwenje wako uve wakanyanya kujeka. Sarudza kubva pamudorongodzwa uri pazasi:

Nyemwerera kana kuti mhorosa mumwe munhu
 anotaridzika seakasurikirwa
 Ramba wakatsamwira mumwe munhu
 Chengeta muviri wako zvakanaka
 Seka hanzvadzi kana munin'ina wako
 Teerera Muporofita
 Nhera apo paunenge waita chikanganiso
 Batsira mumwe munhu



Hunhu hweHumwari hwaJesu Kristu: Akazadzwa neTsitsi neRudo

Ruvimbo, Mhuri, Rubatsiro

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa hunhu hwehumwari hweMuponesi kunozowedzera sei rutendo rwako maAri nekuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda kuwww.reliefsociety.lds.org.

Ichi chikamu chezvinyorwa zvinotevedzana zveMashoko eDzidziso yeKushanyirana zvinoratidza hunhu wehumwari hweMuponesi.

Nhungamiro kuMagwaro Matsvene inodudzira tsitsi se “Rudzi rwerudo rwepamusoro-soro, hunhu hwakanakisisa, rudzi rwerudo rwakasimbisa” (“Rubatsiro”). Ndirwo rudo rutsvene rwaJesu Kristu. Apo patinodzidza nezva Jesu Kristu uye toedza nesimba rose kuva saIye, tinozotanga kunzwa rudo rutsvene Rwake muopenyu hwedu uye tokurudzirwa kuda nokushandira vamwe sezvaAngaita. “Tsitsi kuva nemoyo murefu nemumwe munhu atigumbura.” vakadaro Mutungamiri Thomas S. Monson. “Kukunda chido chokuva unogumburwa zvirinyore. Kutambira utera nezvikanganiso zvidiki. Kutambira vanhu sezvavari chaizvo. Kutarisa zvinopfuura chimiro chokunze chomunhu kuenda kuhunhu uhwo hwusingazodereri kuburikidza nenguva. Kukunda chido chokufunga vanhu sevari muzvikwata nokuda kwezvavari kana zvavainazvo.”¹

Mubhuku raMormoni, tinodzidza chokwadi chikuru chokuti “tino namata kuna Baba nesimba rose romwoyo, kuti [ti]zadzwe norudo urwo, urwo rwaakapa kune avo

vose vateveri vechokwadi voMwanakomana wavo, Jesu Kristu; kuti [ti] zova vanakomana [nevanasikana] vaMwari; kuti kana avo kuzviratidza tichazova saIye, nokuti tichamuona sezvaari; kuti tive netariro iyi; kuti tigoitwa vatsvene saIye mutsvene” (Moronai 7:48).

ZvimweZvinyorwaZvitsvene

Johane 13:34–35;
1 Vakorinte13:1–13;
1 Nifai 11:21–23; Eta 12:33–34

Kubva muNhorondo Yedu

“Mumwe sisita akanga achangofirwa nemurume akatenda nevadzidzisi vekushanyirana avo vakachema naye uye nokumunyaradza. Akanyora: ‘Ndakanga ndichida zvikuru mumwe munhu wandaikwanisa kutarira kwaari kuti ndiwane rubatsiro; munhu aizonditeerera. . . . Uye vadzidzisi vekushanyirana vangu vakateerera. Vakandinyaradza. Vakachema neni. Uye vakandimbundikira nemaoko avo . . . Vakandibatsira kubuda mumanzwiwo ekurasa moyo nokusuwa kukuru kwemwedzi iyoyo yokutanga yekusurukirwa.’

“Mumwe mudzimai akatsanangura manzwiwo aakaita pamusoro pekuva mutambiri werubatsiro

rwechokwadi kubva kumudzidzisi vekushanyirana paakati: ‘Ndakaziva kuti ndakanga ndisingori munhu waaishanyira kuitira kuti agova nenhamba yakanaka yekurekodha parekodhi yekudzidzisa kwekushanyirana. Ndaiziva kuti aiva nehanya neni.’²

Samasisita aya, Vatendi Vamazuva Ekupedzisira vakawanda vanokwanisa kupupura nezve chokwadi cheshoko iri rakataurwa naMutungamiri Boyd K. Packer (1924–2015), Mutungamiri weChikwata cheVaapositora vane Gumi neVaviri rinoti: “Zvinonyaradza zvikuru kuziva kuti zvisinei nekunondwa [nemhuri], vanozova nhengo dzemhuri yeChechi. Kubva pazuva ravanosvika, baba vanova nhengo yechikwata chehupirisita uye amai vanova nhengo yeChita Chorubatsiro.”³

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Thomas S. Monson, “Charity Never Fails,” *Liahona*, Mbudzi 2010, 124.
2. *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 119-120.
3. *Daughters in My Kingdom*, 87.

Funga Izvi

Kristu muenzaniso wedu wakarurama werudo nerubatsiro nenzira ipi?